



Pou Piblikasyon Imedya: 04/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON YO NAN YON LOTISMAN LOJMAN SIPÈVIZE KI KOUTE 22 MILYON DOLA NAN HARLEM SANTRAL

Homeward Central Harlem pral pote 50 kay pou jèn granmoun nan yon anviwònman ki aksepte LGBTQ avèk sèvis soutyen nan men Homeward NYC

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse konstriksyon yo kòmanse nan yon lotisman lojman sipèvize ki aksepte LGBTQ e ki koute 22 milyon dola pou jèn granmoun ki se ansyen sanzazil. Lotisman an, ki rele Homeward Central Harlem, pral gen ladan 50 apatman avèk sèvis soutyen ke Homeward NYC ap ofri sou plas.

"Chak Nouyòkè merite genyen yon kote ki an sekirite pou yo abite, epi Homeward Central Harlem adopte misyon sa a pou jèn granmoun yo ki bezwen yon kote sekirize pou yo rete", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an pran angajman ofri plis opòtinite lojman sipèvize pou popilasyon frajil yo, sitou jèn LGBTQ yo ki nan sitiasyon sanzazil yon fason demezire. Gras a lojman bon mache ak sèvis an plas pou moun ki bezwen yo plis yo, nou kapab ede Nouyòkè yo pwospere, pwogrese epi reyisi."

Homeward Central Harlem ap gen ladan yon sèl batiman ki gen nèf etaj ak 50 apatman konplètman meble ak yon inite jeran. Rezidan yo dwe gen laj 18 jiska 24 an lè y ap antre e se Depatman Sèvis Pou Sanzazil la (Department of Homeless Services), pwogram Jèn Ki Kite Lakay yo e Ki Sanzazil (Runaway & Homeless Youth) Depatman Lajenès ak Devlopman Kominotè a, ak Swen Dakèy Administrasyon pou Sèvis Timoun nan (Administration for Children's Services Foster Care) k ap refere yo. Lojman an pa gen limit tan, sa vle di rezidan yo pa vin twò gran jou fèt 25 an yo.

Homeward NYC se yon founisè sèvis lojman ak travay sosyal sou plas. Pami sèvis yo gen konsèy sikolojik, jesyon ka pou rezidan yo kapab jwenn avantaj finansye ak asirans maladi, kontak avèk resous kominotè, aktivite an gwoup, ak pwogram pou devlope konpetans. Homeward NYC se pwopriyetè ak operatè yon etablisman pou plizyè jenerasyon nan Upper West Side la tou ki ofri refij pou fanmi ak lojman bon mache pou granmoun pi aje.

Bilding nan, ki chita nan 15 West 118th Street, pral gen eleman efikasite enèjetik pou sistèm chofaj ak refwadisman yo, limyè yo, ak aparèy menaje yo. Building nan pral

rezoud pwoblèm inegalite yo nan aksè a teknoloji enfòmasyon pou rezidan yo tou gras a enstalasyon entènèt bon mache nan chak apatman.

Ko-pwomotè konstriksyon yo se Type A Projects ak Azimuth Development Group.

Sipò Eta a bay pou pwojè konstriksyon an gen ladan alokasyon kredi enpo federal sou lojman pou moun ki gen revni fèb ki pral jenere plis pase 14 milyon dola kapital-estiman ak 2.5 milyon dola sibvansyon ke Biwo Renouvèlman Lojman ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la ap bay. Enterprise Community Partners ap kontribye 1.8 milyon dola sibvansyon. KeyBank te bay yon prè pou konstriksyon 12.8 milyon dola.

Sèvis soutyen yo ap resevwa fon nan men Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene) Vil New York la, avèk yon asistans pou lwaye pa ekivalans Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman an (Housing Preservation and Development, HPD) Vil New York la ap pote.

Komisè HCR la RuthAnne Visnauskas te deklare, "Nouvo devlopman sa a pral ofri 50 jèn moun sekirite, konsèy ak konpasyon yo bezwen an pou reyalize tout potansyèl yo epi viv vi granmoun nan kè kontan, lasante ak siksè. Twò souvan, moun LGBTQ yo sibi diskriminasyon ak difikilte ankenn jèn moun pa ta dwe gen pou konfwonte. Gras a lwaye bon mache ak sèvis sou mezi, Homeward Central Harlem pral ofri rezidan yo anviwònman san danje ak resous yo bezwen yo pou geri. Envestisman nou an pral redui kantite sanzazil yo epi anrichi kominote LGBTQ a nan Vil New York pou plizyè dizèn ane k ap vini yo."

Komisè HPD a Louise Carroll te deklare, "Homeward Central Harlem reprezante envestisman san parèy Vil la nan lojman bon mache k ap sèvi kèk nan vwazen pi frajil nou yo epi chanje lavi yo. Nou remèsye kolaboratè nou yo nan Vil la ak nan Eta a, Type A Projects, Azimuth Development, ak Homeward NYC pou angajman yo nan ofri bèl kay bon mache pou jèn granmoun ki te sanzazil, ki pral jwenn sèvis soutyen sou plas ki fèt pou ede jenès LGBTQ a pwospere."

Prezidan Awondisman Manhattan nan Gale A. Brewer te deklare, "Homeward Central Harlem pral pote sipò esansyèl pou jèn granmoun sanzazil yo. Mwen kontan dèske konstriksyon yo kòmanse nan nouvo etablisman trè nesèsè sa a."

Annie Tirschwell, Direktè nan Type A Projects, te deklare, "Nou rekonesan pou efò anpil nan kòlèg nou yo nan ajans HCR ak HPD yo ki gras a kolaborasyon ak lidèchip yo pandan premye etap sa yo nan pwojè nou an pèmèt reyalizasyon devlopman sa a. Devouman ak sipò yo pral pote yon kokennchenn chanjman nan lavi anpil jèn granmoun nan vil nou an avèk kreyasyon kay pèmanan ak sèvis sou plas ekselan nan men kolaboratè nou an nan devlopman an, Homeward NYC."

Peter Boboris, Direktè Devlopman nan Azimuth Development Group, te deklare, "Nou fyè ak chofe dèske nou fè pati pwojè nesèsè ak konsekan sa a."

Kreyasyon lojman bon kalite ki ofri sipò ak asistans pèmanan tou pou jèn jenerasyon an ap bon pou avni rezidan k ap resevwa sèvis yo ak pou fiti tout kominote a."

Jeannette K. Ruffins, Direktè Egzekitif Homeward NYC, te deklare,"Homeward NYC fyè mete tèt ansanm ak Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, Prezèvasyon ak Devlopman Lojman an, KeyBank, Hudson Housing ak Enterprise Community Partners pou finansman, ak Type A Projects ak Azimuth Development Group pou konstriksyon, ak Kossar + Garry Architects, LLP pou konsepsyon. Kolaborasyon an demontre yo gen menm angajman ak Eta a nan sèvi popilasyon frajil sa a ni poutèt se yon politik entelijan ni poutèt se sa ki bon. Avèk yon modèl Lojman Dabò (Housing First), jèn sanzazil yo kapab pran souf, devlope konpetans, geri anba twomatis, epi jwenn mwayen vanse nan lavi an. LGBTQ yo viv sitiyoasyon sanzazil pi souvan lontan pase lòt jèn parèy yo. Yo souvan vin sanzazil pi jèn epi rete sanzazil pi lontan. Lojman sipèvize (se lojman bon mache avèk sèvis soutyen sou plas) se yon pati vital nan mete fen nan sitiyoasyon sanzazil kwonik la."

Eric Steinberg, Vis-Prezidan Direktè KeyBank Community Development Lending and Investment, te deklare, "KeyBank chofe pou l ap travay avèk HCR ak ekip konstriksyon an pou finansman pwojè enpòtan sa a k ap pote transfòmasyon. Nou angaje fon nan ede popilasyon defavorize yo e nou fyè kolabore nan ofri nouvo lojman san danje ak konvnan pou jèn sanzazil yo ki idantifye tèt yo kòm LGBTQ."

Sam Ganeshan, Direktè Jeneral, Hudson Housing Capital, te deklare, "Hudson Housing Capital fyè mete tèt ansanm avèk Homeward NYC, Type A Projects, ak Azimuth Development Group pou finansman lojman sipèvize kalite siperyè nan Homeward Central Harlem. Pwopriyete sa a pral ofri kèk nan rezidan ki pi frajil yo nan Vil la yon kote san danje pou yo viv yon fason otonòm. Konstriksyon lojman bon mache pou jèn moun k ap fè fas a sitiyoasyon sanzazil egzije travay ekip, kolaborasyon e nou remèsye ak fè elòj tout moun ki patisipe yo sa gen ladan envestisè nou an Santander Bank."

Baaba Halm, Vis-Prezidan ak lidè sou mache New York la pou Enterprise Community Partners te deklare, "Enterprise te fyè ofri Homeward NYC - Central Harlem yon sibvansyon 1.8 milyon dola, ki pral kreye 50 inite lojman sipèvize pèmanan ki nesèsè anpil pou jèn granmoun yo e ki ofri sèvis sosyal global sou plas soti depi nan sante ak byennèt rive nan preparasyon pou travay nan yon anviwònman ki aksepte LGBTQ. Pandan kriz enstabilite lojman Vil New York la ap ogmante eksponansyèlman poutèt pandemi an ak konsekans ekonomik li an, nouvo kay bon mache sa yo pral fè yon diferans touswit. Nou fè elòj Homeward, Type A projects, Azimuth Development Group, Eta a, ak tout kolaboratè k ap patisipe yo dèske yo fè pwojè sa a vanse nan tan difisil sa a pou rezidan Vil New York yo ki gen revni fèb."

Manm Asanble Inez E. Dickens te deklare, "Mwen ozany e se pa ti kontan mwen kontan aprann konstriksyon yo nan Homeward Central Harlem kòmanse pou ofri lojman san danje ak bon mache pou jèn manm kominote LGBTQ a nan katye nou an. Mwen sonje klè istwa efreyan jèn moun yo mete deyò lakay yo, ki vin fè pati kominote sanzazil la, ke yo atake fizikman, abize seksyèlman e nan sèten ka touye poutèt

idantite seksyèl yo. Lè nou konnen kounye a nou pral ofri bèl jèn moun sa yo lojman nan yon anviwònman kote ap gen sipò, chalè ak konpreyansyon sa fè mwen fyè reprezante Harlem ak kontinye lite pou finansman pou pwogram tankou sa a nan lejislati eta a."

Carmen Neely, Prezidan ak Direktè Egzekitif Harlem Pride, te deklare, "Malgre gwo pwogrè mouvman dwa sivil LGBTQ a fè nan dènye dis ane yo, gen anpil jèn LGBTQ ki toujou sanzazil poutèt fanmi yo ak kominote yo rejte yo, menm isit la nan Harlem. Mwen fè elòj Gouvènè Hochul dèske li envesti nan jenès kominote nou a, pou yo ka gen opòtinite epànwi ak okipe tèt yo, pandan yo antoure ak yon kominote ki aksepte yo."

###

Lèt nouvèl ki disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418